

## Sistèm Idantifikasyon Davans

Pwofesyon fòsdelòd yo egzije yon ekselans ki mande pou yo monitè ak reyenfòse li konstaman pou asire li kenbe yon nivo de estanda de premyè kalite.

Depatman an genyen responsabilite pou li idantifye ak ede anplwaye ki demontre de sentòm de estrès nan travay la ak/oswa pwoblèm nan pèfòmans yo nan travay la. Se poutèt sa, yo te devlope "Pwofil Anplwaye" ak "Sistèm Idantifikasyon Davans" la.

Depatman an genyen yon dosye Pwofil Anplwaye pou chak anplwaye. Dosye pwofil sa-a genyen ladan li yon rezime de chak meday ak eloj, plent oswa doleyans epi fè abi eksè fòs ki janm rapòte. Pwofil sa yo revize pa sipèvizè yo regilyèman.

Sistèm Idantifikasyon Davans la te etabli pou mete anplas yon revizyon sistematik de ofisye polis ki idantifye kòm ajan ki resevwa de oswa plis plent ak/oswa patisipe nan twa oswa plis abi eksè fòs pandan yon peryòd de twa mwa. Enfòmasyon an ale jwenn sipèvizè responsab la pou revizyon epi pou pran desizyon nesèsè pou korije sa.

Si w ta genyen yon plent kont yon anplwaye Depatman Polis Miami-Dade oswa w ta renenm rekòmande yon anplwaye, tanpri kontakte biwo "Professional Compliance Bureau" nan (305) 627-7100. Pou jwenn èd nan lannwit oswa pandan lè wikenn yo, nenpòt lokal depatman an va asepte plent w an oswa rekòmandasyon w an.

## Nimewo Telefòn Kontak yo Depatman Polis Miami-Dade



### Professional Compliance Bureau

18805 N.W. 27 Avenue  
Miami Gardens, FL 33056  
Tel (305) 627-7100  
Fax (305) 627-7130

### District Stations

**Northwest Station**  
5975 Miami Lakes Dr. East  
(305) 698-1500

**South Station**  
10800 S.W. 211 Street  
(305) 378-4300

**Airport Station**  
4200 N.W. 21 Street  
(305) 876-7373

**Northside Station**  
799 N.W. 81 Street  
(305) 836-8601

**Kendall Station**  
7707 S.W. 117 Ave.  
(305) 279-6929

**West Station**  
10000 S.W. 142 Ave.  
(305) 383-6800

**Midwest Station**  
9101 N.W. 25 Street  
(305) 471-2800

**Intracoastal Station**  
15665 Biscayne Blvd.  
(305) 940-9980

### Municipal Cities

**Town of Miami Lakes**  
6601 Main Street  
(305) 827-4020

**Town of Cutler Bay**  
10720 Caribbean Boulevard Suite 200  
(305) 234-4237

**Village of Palmetto Bay**  
9705 E. Hibiscus Street  
(305) 278-4000

Konte Miami-Dade bay aksè ak opòtinite anplwa ak sèvis egal ogo epi li pa fè diskriminasyon kont moun ki enfim. Se nan règleman Konte Miami-Dade pou li konfòme ak tout règleman lalwa sou enfimite ki rele "Americans with Disabilities Act" la.

# DEPATMAN POLIS MIAMI-DADE



PROFESSIONAL COMPLIANCE BUREAU

# "Se pou nou konstaman rechèche ekselans"



## Mesaj Direktè an



Juan J. Perez, Director

Depatman Polis Miami-Dade (M.D.P.D.) rekoni kòm youn nan pi bon ajans fòsdelòd nan nasyon an. Nou fyè de bon jan kalite sèvis nou bay sitwayen nou yo nan Konte Miami-Dade. Pou nou kapab kenbe bon jan repitasyon s-a ke nou si tèlman merite an, se pou nou konstaman rechèche ekselans.

Li esansyèl ke tout prezime movèz kondwit ofisyèl lapolis pap tolere epi, an menm tan, mete anplas yon pwosesis kote ofisyè polis ki jwenn fò akizasyon enjis kapab revandike tèt yo. Responsabilite ak otorite pou investigasyon sa yo andedan Depatman Polis Miami-Dade la chita andedan biwo "Professional Compliance Bureau, Internal Affairs Section".

## Plent yo

Seksyon sèvis entèn "Internal Affairs Section" genyen kòm premye repsonsabilite li pou li resevwa, trete, epi envestige plent ki fèt sou manm Depatman an. Pou asire konfyans piblik la epi kenbe entegrite Depatman an, Biwo an mennen de investigasyon apwofondi, rapid e objektif de tout plent yo.

## Kestyon Moun Plis Poze ak Tout Repons yo

**K. Kouman depoze yon plent kont yon anplwaye Depatman Polis Miami-Dade?**

**R.** Tout lokal biwo depatman an va asepte plent kont nenpòt anplwaye M.D.P.D., de nenpòt moun, san enpòtans a kote ke ensidan an te prezime fèt la. Nou kapab soumèt plent anonim yo pa lapòs nan:

**Miami-Dade Police Department**  
Professional Compliance Bureau  
18805 NW 27 Avenue  
Miami Gardens, FL 33056-3154

Plent anonim yo kapab soumèt pa i-mel a PCBinfo@mdpd.com, oswa fakse nan (305) 627-7130.

**K. Sa yo fè ak plent mwn an?**

**R.** Yo dokimante plent mwen an nan Rapò Preliminè Plent la anvan ke yo voye bay biwo "Professional Compliance Bureau". Lè yo resevwa li, yo klase plent la epi emèt responsabilite dosye an bay yon investigatè nan ran sipèvizè yo. Yo pran deklarasyon nan men pleyen an, tout temwen yo, ak anplwaye an (yo)ki an kestyon an. Yon fwa ke yo fini, yo revize ka-a epi sipèvizè nivo kòmand depatman an pran yon desizyon.



**K. Konbyen tan li pran Biwo "Compliance Bureau" pou li konpletei investigasyon an?**

**R.** Dabitid ka nòmal yo pran de 30 jou ak 6 mwa pou yo konplete ak yo. Sa va depann de konpleksite ka-a, disponibilite temwen yo, epi enplikasyon lòt ajans yo, tankou Biwo Avoka Eta-a.

**K. Èske yap notifiye mwen de desizyon yo sou ka-a?**

**R.** Wi. Yap notifiye ni pleyen ni anplwaye an yon fwa ke yo konplete investigasyon an epi yo ankouraje yo kontakte biwo "Professional Compliance Bureau" la pou diskite sou desizyon an.

**K. Èske map gen dwa wè dokimantasyon ka-a lè li konplete?**

**R.** Wi. Dapre Lwa Sou Rejis Piblik Florid yo "Florida's Public Records Law", tout ka ki fin trete vini domèn piblik epi yo disponib pou moun enspekte yo pandan lè nòmal douvèti biwo yo. Se nan biwo "Professional Compliance Bureau" ke yo kenbe rejis ka yo.

**K. Èske genyen lòt ajans ki envestige movèz kondwit polis?**

**R.** Wi. Biwo Avoka Eta-a revize tout ka yo ki prezime sou movèz kondwit kriminèl yo. Biwo FBI ak Biwo Avoka Zetazini revize tout prezime ka vyolasyon dwa komen yo.

## MDPD Complaint Form Fòmilè Plent

Non (Pa obligatwa)

Adrès (Pa obligatwa)

Telefòn (Pa obligatwa)

MDPD Anplwaye (yo) enplike

Tanpri dekri ensidan wap pote plent sou li an anba la-a epi poste fòmilè an okonplè bay Biwo "Miami-Dade Police Department, Professional Compliance Bureau", 18805 N.W. 27th Avenue, Miami Gardens, FL 33056-3154.

Multiple horizontal lines for text entry.